



KONEKSYON

14 Avril 2022

KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

Bonjou kominote PPSD a, epi byenvini nan dezèm edisyon bilten enfòmasyon chak semèn nou an. Si ou rate nenpòt edisyon nan bilten enfòmasyon sa a, ou ka jwenn yo isit la sou sit entènèt Distri a nan plizyè lang. Objektif nou se pou ba w mizajou regilye konsènan nouvel PPSD yo, pou selebre reyisit elèv yo, pou prezante w kèk nan manm pèsonek enkwayab nou yo, ak pou mete w okouran de pwochen rankont ak evènman yo.

Sa genyen kèk semèn depi mwa Avril la kòmanse, epi li deja byen ranpli! Jan ou kapab te tande sa, semèn pase se te yon plezi pou mwen paske Gouvènè McKee ak Komisè Infante-Green te nome m kòm sipè-entandan pèmanan. Tanpri sonje ke elèv nou yo pral vini an premye nan chak desizyon mwen pran, epi [Plan Daksyon pou Redresman](#) ki devlope pa kominote nou an se pral Zetwal Polè mwen pandan n ap travay ansanm pou transfòme Providence an yon destinasyon pou edikasyon.

Antan genyen yon asyèn direktè epi direktè adjwen isit la nan PPSD, mwen konnen ke nou dwe genyen yon lyen ki solid, yon lyen ale-vini ant biwo santral nou an ak lekòl nou yo. Sa se yon efò an ekip pou ede elèv nou yo reyisi! Kidonk pandan plizyè semèn ki sot pase yo, mwen te bay tèt mwen misyon pou vizite chak grenn lekòl yon fason pèsonek pou pale avèk elèv yo, manm pèsonek, ak direktè yo pou aprann fason nou ka pi byen sipòte youn lòt. Mwen ankouraje tout moun k ap li bilten enfòmasyon sa a pou angaje nan konvèsasyon sa a pandan y ap kontakte communications@ppsd.org. Vwa w enpòtan, epi y ap toujou respekte yo nan biwo mwen an!



DR. JAVIER MONTAÑEZ
Superintendent

MIZAJOU DISTRI A

POLITIK LEKÒL LA SOU MASK

Kounyeya se yon chwa pou elèv ak manm pèsonek yo mete mask nan Lekòl Providence yo. Nou te atenn desizyon sa a apre yon long konvèsasyon avèk Depatman Sante a ak RIDE, epi apre gwo evalyasyon sou kantite ka COVID nan Distri a. Pandan plizyè semèn pase yo, PPSD te anrejistre omwen mwens pase dis ka pozitif pa jou nan yon distri ki genyen plis pase 20,000 elèv.

Tanpri sonje ke mask se youn nan pati nan estrateji pou redwi COVID nan Distri a. Distri a pral kontinye bay [klinik vaksinasyon gratis](#), tès rapid gratis, ogmantasyon pirifikasyon lè nan lekòl yo, ak ogmantasyon dezenfeksyon. Mask yo kapab obligatwa yon lòt fwa ankò nan kèk lekòl oswa nan tout lekòl yo si genyen yon eksplozyon nan ka yo. Yo pa tolere kòmantè negatif konsènan chwa nenpòt moun pou mete mask.

Tanpri klike isit la pou jwenn [tout machaswiv sou mask](#) ki te anonse nan dat 6 Avril la.



VAKANS AVRIL

Tout elèv ak manm pèsonek yo pral retounen soti nan **Vakans Avril la nan jou Lendi 25 Avril la**. P ap genyen yon retou etap pa etap pou soti nan poz jan sa te fèt apre ansyen vakans yo nan lekòl la. Poz Avril la fèt soti 18 jiska 22 Avril.

Retou nòmal nan vakans Avril la reflete yon diminisyon nan ka COVID-19 yo nan Distri a, epi nou pral ase pètibasyon minimal pou prepare pou tès anyèl Sistèm Evalyasyon Global Rhode Island nan (RICAS).

TÈS COVID

Yon lòt fwa ankò Distri a pral bay tout elèv ak manm pèsonek yo yon twous ki genyen de tès COVID-19 gratis pou fè lakay anvan vakans lekòl la. Yo pral distri tès lakay yo bay elèv ak paran yo nan dat 13 ak 14 Avril la. Fanmi yo ta dwe swiv enskriksyon ki genyen nan chak bwat pou fè tès lakay la nan jou anvan elèv yo a retounen nan lekòl la apre vakans lan. Elèv ki teste pozitif yo dwe rete nan izòman pandan senk jou epi paran ak gadyen legal yo ta dwe deklare enfòmasyon sa a bay lekòl timoun yo a. Tout elèv ki genyen fòmèl konsantman an pral fè tès tou lè yo retounen nan lekòl la nan jou Lendi 25 Avril la.

SELEBRE ELÈV YO

Elèv ki genyen talan ak elèv nou genyen ki travay anpil yo ap fè kèk bagay ekstrawòdinè chak jou! Men kèk egzamp.



SKILLS USA

Felisitasyon pou tout moun ki te patisipe nan **Chapyanan Eta SkillsUSA pou 2022** pou ane sa a! Elèv PPSD yo te resevwa **18 meday annò** nan konkou tankou Pwodiksyon sou Televizyon, Diskou Prepare, Fèy Metal, Art Kilinè, ak plis. Konpetisyon konpetans yo a te fèt nan dat 4 Mas jiska 30 mas avèk elèv ki te nan konpetisyon avèk lòt lekòl Rhode Island yo. Gányan meday annò yo prale nan konpetisyon nasyonal la nan Atlanta.

Foto agoch: Elèv PCTA Fritz Heitmueller, agoch, yon gányan an Ajans, pwofèsè David Santos, ak Naomi Felix Monanci, yon gányan medya annò nan Industrial Motors and Controls.

Foto Adwat: Elèv PCTA Melvin Coc Orellana, yon gányan meday Annò nan Culinary, Center, avèk Enstriktè Kizin Krista Taft ak Johandry Rodriguez.



BIO MED NAN HOSA

JSEC 9yèm ane nan ekip BioMed yo te brye nan **Konferans sou Lidèchip nan HOSA nan Rhode Island** paske yo te chanpyon kont 150 ekip nan RI. Felisitasyon pou tout elèv patisipan nou yo, epi yon gran bravo pou ekip ki te vin nan twazyèm plas la.


HOSA se yon òganizasyon mondyal ki dirije pa elèv, ki rekonni pa Depatman Edikasyon Etazini an ak Depatman Sante ak Sèvizimèn nan ak ajans federal ak ajans eta yo. Misyon yo se pou ankouraje Future Health Professionals nan HOSA pou vini lidè nan kominote sante mondyal la, atravè edikasyon, kolaborasyon, ak eksperyans.



FUTURE CHEFS

Konpetisyon Sodexxo pou 10yèm Anivèsè Future Chefs la te fèt nan Samdi 2 Avril la nan Providence Career and Technical Academy! 5yèm finalis la te prezante kreyasyon li yo bay jij yo ki genyen ladan manm Komisyon Lekòl la ki se Ty/Relle Stephens, Direktè Operasyon PPSD a ki se Salvador Pellerano, ak Chèf Derek Wagner nan Nick's on Broadway.

Felisitasyon ak gányan Future Chef la, ki genyen imaj li anwo a, nan **Veazie Street Elementary School!**



PWEN ESANSYÈL MANM PÈSONÈL LA

Chèche konnen moun ekstrawòdinè yo k ap travay avèk elèv nou yo chak jou!

Katherine Gonzalez, M.Ed

Estajye nan **Sherlock Center on Disabilities** nan RIC

Pwofèsè Edikasyon Espesyal ECS

Sitiye nan: Mount Pleasant High School

Te Rejwenn PPSD nan lane: 2012

Kijan ou t ap dekri travay ou bay yon zanmi ki pa genyen anpil enfòmasyon sou edikasyon?

Mwen konsanman pandan m ap eksplike ke nou tout genyen kapasite pou aprann - kèk nan nou fè l yon fason diferan. Epi travay mwen se ede elèv yo dekouvri fason yo ka aprann pi byen. Kounyeya m ap travay avèk yon klas edikasyon espesyal ki genyen 11 elèv dezyèm lane nan Mount Pleasant, epi mwen founi sipò bay 11 elèv anpil andeyò klas sa a. Elèv yo genyen divès bezwen ki genyen ladan andikap entelekyèl, otis, ak paralizi serebral. Kidonk travay mwen se pou mwen kapab okouran de bezwen yo, motive yo, epi montre konpasyon.

Ki pi bon pati nan travay ou?

Elèv mwen yo! Yo se fyète ak lajwa mwen. Epi lyen mwen te konstwi avèk yo pa sèlman mèvèye nan nivo pèsonek - yo genyen vrè rezilta nan saldeklas la. M ap etidye Aprestisaj Sosyo-Emosyonèl pandan plizyè ane pase sa yo, epi mwen ka absòlman di w ke li mwen konstwi relasyon epi mwen pran tan pou koute elèv yo, sa prepare chemen an pou tout lòt moun. Epi mwen genyen mwens pètibasyon nan saldeklas la kounyeya, epi timoun ki te abitye genyen difikilte yo ap fè efò.

Ki yon difikilte ke oumenm oswa youn nan elèv ou yo te simonte pandan ane sa a?

Ane pase mwen te rankontre avèk gwoup timoun sa yo, pi gwo difikilte

yo se te bezwen Sosyo-Emosyonèl epi ranfòsman relasyon aprè yo te kite lekòl depi lontan akòz COVID. Men kounyeya youn pran swen lòt pi byen. Kèk elèv te fè gwo avanse nan sante Sosyo-Emosyonèl, epi sa te pèmèt lòt elèv avanse tou. Yo chèche konnen si zanmi yo rate youn jou klas, epi yo sipòte youn lòt pandan y ap fè travay la.

Elèv mwen yo se...fyète ak lajwa mwen. Epi lyen mwen te konstwi avèk yo pa sèlman mèvèye nan nivo pèsonek - yo genyen vrè rezilta nan saldeklas la.

SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Klèb Resiklaj nan Lekòl: 'Sove anvivònman an avèk yon aliman alafwa'](#) Journal Providence, 4 Avril 2022
- [D'Abate Elementary School pral resevwa \\$21 milyon pou renovasyon pandan ete sa a](#) Journal Providence, 1 Avril 2022
- [Elèv Providence yo abòde kesyon pò mask la nan lèt bay sipè-entandan pwovizwa a](#) NBC 10 NEWS, 1 Avril 2022
- [Escuelas Públicas de Providence mwen konocer opinión de padres sobre el uso de mascarillas](#) Telemundo, 30 Mas 2022
- [Elèv Piblik Providence lan Ranpòte Konkou Pwezi Eta a](#) Patch, 31 Mas 2022

MAKE KALANDRIYE OU YO!

KAT NÒT

afiche nan Skyward

Jedi 14 Avril 2022

PASE BON VANDREDI

Vendredi 15 Avril 2022

Pa Gen Lekòl

POZ PRENTAN

18 Avril 2022 - 22 Avril 2022

RANKONT AVÈK KOMISYON LEKÒL LA

Mèkredi 27 Avril 2022

6:30 p.m.

797 Westminster Street, 3rd fl, Providence

PATAJE NOUVÈL LA




PVDFEST

PVDFest ap òganize yon Sèn pou Jèn Atis yo nan festival ane sa a! Aplikasyon yo LOUVRI! Vizite <https://pvdifest.com/perform/> pou soumèt aplikasyon ou an.



TRAVAY POU JÈN

Aplikasyon pou opòtinite travay pou jèn yo avèk Depatman Rekreyasyon ak Pak Vii la louveri kounyeya → aprann plis: <http://pvdsummerjobs.com>



RI PRE-K

Tiraj pwogram RI Pre-K 2022-2023 a te louveri. RI Pre-K, bay edikasyon Pre-K kalite siperyè, epi gratis pou timoun 4 lane ki elijib yo nan Rhode Island. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike: <http://www3.ride.ri.gov/pklottery>

Genyen kèk bagay enkwayab k ap pase nan Distri a, epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou genyen yon pwogram, evènman, oswa yon manm pèsonek, oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa ke ou ta renmen mansyone, tanpri voye youn imèl bay communications@ppsd.org.

Providence
Schools

